## Ádebiyatlar

1. Абдуназаров З. «Ижодий синтез жараёнларини ташкил этишда режиссёрнинг роли». Oriental Art and Culture, (6) 2021.
2. Bawetdinov Sh.K. «Teatr va kinoda muxit va makonni belgilovchi musiqa». "Oriental Art and Culture" Scientific Methodical Journal. 08. 2023.
3. Болтабоева У. «Бўлажак актёрларни тарбиялашда педагогик ёндашувлар». Oriental Art and Culture, 2(3), 88-98. 2021.
4. Boltaboeva U., Abdunazarov Z. & Usmonov S. «The balance of language and speech in the Uzbek theater». Asian journal of multidimensional research, 10(4), 788-792. 2021.
5. Haydarov A. «A look at russian musical culture in the second half of the XIX century». current research journal of pedagogics, 2(11), 24-312021.
6. Ғофурова Б. «Актёрнинг нутқини такомиллаштиришда инновацион технологияларнинг аҳамияти». Oriental Art and Culture, (V). 2020.



**REZYUME.** Mazkur maqolada biz kino va teatr san’atida ovoz bezagining kerakli faktori bo‘lgan musiqiy bezagi uning foydalanish o‘rni, uning natijasi qaysı holatlarda kerakligi haqida so‘z boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье мы поговорим о музыкальном оформлении, которое является ключевым фактором звукового оформления в кинематографическом театральном искусстве.

**SUMMARY.** In this article, we will talk about what situations the role of its use in the musical decoration, which is the main factor of sound decoration in the theatrical art of cinema, is neede.


# SES REJISSYORLÍǴÍ SHEBERLIGINDE SAZ ÁSBAPLARDÍ ÚYRENIW


**Sh.K.Bawetdinov –** *assistent oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so‘zlar:** ovoz rejissyori, dirijyor, akustika, teatr, texnologiya, mikrofon, orkestr, muzika, partitura, simfoniya.

**Ключевые слова:** звукорежиссер, дирижер, акустика, театр, техника, микрофон, оркестры, музыка, партитура, симфония.

**Key words:** sound, director, conductor, acoustics, theatre, technology, microphone, orchestra, music, score, Symphony.


Dúnyada saz-sáwbet, qosıq, «muzıka» tıńlaw júdá áyyemgi dáwirlerde, jer betinde tirishilik payda bolıwı menen bir qatarda kelip shıqqan. Aradan birneshe mıń jıllardıń ótiwi menen adamzat aqılınıń, sana-seziminiń rawajlanıwına baylanıslı kún-kóris maqsetinde, olar ań awlaw ushın qattı kerilip tartılatuǵın hár qıylı aw duzaq sabaqların, oq jaylardı oylap tapqan. Oq jayǵa kernep tartılǵan jiplerden qanday da bir jaǵımlı ses shıǵatuǵınlıǵın ańlaǵan, onnan tısqarı taw jıralarında, taw úngirleriniń qasında turıp, qattı baqırǵan waqıtta, tawlardaǵı jıra hám saylardan, úngirlerden adamlardıń dawısına uqsas ses qayta jańǵırıp shıǵatuǵınlıǵı belgili bola baslaǵan. Haqıyqatında da eski aǵash gúze, gúbi, shelek, tas gúzelerdiń awzına jaqın bir qıya baqırsań, onıń izin ala sol jerden óziniń dawısı qaytalanıp jańǵıradı. Bunday sesler rezonans, bizińshe aytqanda, qayta jańǵırıw qubılısı dep ataladı. Bulardıń barlıǵı házirgi zamangóy ilimde ses rejissyorları tárepinen hár kúni qollanıladı. Ses rejissyorlıǵı sheberligi óz aldına kásip bolıp rawajlanǵannan soń ol kásip óz aldına shaqaplarǵa bólindi, olar tómendegishe:

– Kino ses rejissyorlıǵı;
– Televidenie ses rejissyorlıǵı;
– Radio ses rejissyorlıǵı;
– Teatr tamashaları ses rejissyorlıǵı;
– Massalıq koncert ses rejissyorlıǵı;
– Studiya ses rejissyorlıǵı.

Hár túrli video oyınlar ses dizayneri hám taǵı basqa ekran kórkem óneriniń rawajlanıwına qarap bólinip atır.

Bul kásiptiń en jayıwı rawajlanıwlardan, al qánigeler ushın bolsa ele de uqıplılıqtı jeke ilmiy hám dóretiwshilik izleniwlerdi talap etpekte. Usı bólingen shaqaplardıń ishinde studiya ses

rejissyorınıń jumıs procesine názer taslar ekenbiz ol studiyada otırıp melodist kompozitordıń jazǵan melodiyasına aranjirovka qıladı.

Ol óziniń talǵamına bola saz ásbaplardıń dawısın jazıwı múmkin jáne orkestr jazıwıda onıń jumıs wazıypasına kiredi. Orkestr óz aldına úlken topardı quraǵanlıqtan ses rejissyorınan úlken jumıstı talap etedi. Birinshiden ol orkestr jayǵasıwınan baslap hár bir saz ásbaptıń dinamikalıq diapazonın biliwi kerek sebebi ózi dawısın jazajaq bolǵan saz ásbabtıń diapazonın bilmese dawıs jazıwda qáte kemshilik ushrawı sózsiz. Solay eken bul maqalada biz ayırım saz ásbaplar haqqında tolıq maǵlıwmat berip ótiwdi maqul taptıq. Qaraqalpaqstan aymaǵında házirgi kúnde saz ásbaplardıń birqansha túrleri bar qalaberse shet el saz ásbapları da búgingi kúnde kúndelikli biz ushın tap milliy saz ásbaplarımızday bolıp ketken. Ózbek milliy saz ásbaplarıda bizge júdá jaqın bolıp ketken. Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzikalı teatrında kóp jıllardan berli simfoniyalıq orkestrı xalıqqa xızmet etip kelmekte.

Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanda xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri, Berdaq atındaǵı sıylıqtıń laureatı Qurbanbay Zaretdinov bas dirijiyorı bolıp kóp jıllardan berlı xalıqtıń alǵısın alıp kelmekte. Búgingi kúnde orkestrda 60 tan zıyat saz atqarıwshıları bar bolıp, olardıń atqarıwında teatrda kóplegen muzikalı dramalar, opera, baletler aqırǵı jılları úzliksiz qoyılıp kelmekte.

Orkestr – (grekshe orchestre-áyemgi grek teatrınıń saxnası aldındaǵı maydansha) – túrli saz ásbaplarında atqaratuǵın sazendelerden dúzilgen kollektiv bolıp, usı quram ushın jaratılǵan muzıka shıǵarmasın atqaradı. Kamer saz ansambllerden (kvartet, kvintet h.t.b) Orkestrdıń parqı sonda, ayırım sazendelerden atqarıwshı toparlar dúziledi.

Orkestrdegi saz ásbaplarınıń toparlarında dúzilislerine qaray, olarda túrlishe boladı. Máselen: Simfoniyalıq orkestr, duxovoy orkestr, tarlı orkestr, xalıq saz ásbapları orkestrleri h.t.b

Simfoniyalıq orkestrlerge tarlı tartqıshlı, úplep shertetuǵın hám urıp shertetuǵın saz ásbapları kirse, duxovoy orkestrge mıs hám aǵashtan islengen, úplep hám de urıp shertetuǵın saz ásbapaları kiredi. Xalıq saz ásbapları orkestrinde úlken-kishi temperaciyalanıp isleniwine qaray, onda eń pás (juwan) hám eń joqarı (jińishke) dawıslardı shertiw múmkin.

Bul orkestrge tómendegi saz ásbaplar kiredi:

A) Úlken hám kishi nay, qoshnay hám surnaylardan ibarat úplep shertetugın saz ásbapları.

B) Úlken hám kishi changlerden ibarat tarlı-urma saz ásbapları.

C) Úlken hám kishi rubaplar hám de duwtarlardan ibarat plektorlı (qaǵıp shertetuǵın) saz ásbaplar.

D) Dáp hám naǵaralardan ibarat urıp shertetuǵın ásbaplar.

E) Úlken hám kishi girjeklerden ibarat tarlı-tartqıshlı ásbaplar.

Al, simfoniyalıq orkestr saz ásbaplar quramı arqalı tómendegi túrlerge bólinedi:

–Strunniy (tarlı) yamasa smichkoviy (tartqıshlı), malıy (kishi) simfoniyalıq, bolshoy (úlken) simfoniyalıq orkestr;

–Sturniy (tarlı) yamasa smichkoviy (tartqıshlı) dep atalatuǵın orkestrdiń saz ásbaplar quramına tek ǵana smichok (tartqısh) penen shertetuǵın ásbaplar kiredi. (Ayırım jaǵdaylarda ǵana jeke basqa ásbaplardı ushıratıw múmkin máselen: arfa, treugolnik);

–Malıy (kishi) simfoniyalıq orkestrge, smichok (tartqısh) penen shertetuǵın hám aǵashtan islengen úlken shertetuǵın toparı olarǵa mıstan islengen úplep shertetuǵın saz ásbablardan valtorna kiredi (ayırım jaǵdayda truba) urıp shertetuǵın ásbaplardan litavra hám basqada urıp shertetuǵın ásbablar kiredi jáne de arfalarda kiriwi múmkin;

–Bolshoy (úlken) simfoniyalıq orkestrge barlıq tiykarǵı toparlardıń ásbapları kiredi. Smichoklı (tartqıshlı), aǵshtan islengen hám mıstan islengen úplep shertetuǵın ásbaplar, urıp shertetuǵın saz ásbaplar hám de klavshlı ásbaplar kiredi.

Házirgi dáwirimizde orkestrdıń túrleri kóplep ushırasadı. Mısalıǵa: Simfoniyalıq orkestr, duxovoy (úplep shertetuǵın ásbaplar) orkestri, estrada-simfoniyalıq orkestr, estrada orkestri hám xalıq sazları orkestrı bolıp birneshe túrge bólinedi.



1-súwret. **Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzikalı teatr simfoniyalıq orkestrı. Bas dirijyorı Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanda xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri, Berdaq atındaǵı sıylıqtıń laureatı Qurbanbay Zaretdinov**.

Orkestr atqarıwındaǵı kompoziciyalardıń dawısın házirgi kúnde joqarı dárejeli ses rejissyorlarınan A.Abdisattarov, K.Zaretdinov, D.Júginisov, R.Niyetullaev hám taǵı basqa qánigeler jıllar dawamında jumıs alıp barmaqta.

### Ádebiyatlar


1. F.Vaxromeyev. «Musiqaning elementar nazariyasi». T.: O‘qituvchi,1980.
2. I.Akbarov. «Musiqa lug‘ati». T.: O‘qituvchi, 1993 yil.
3. В Каракалпакстане (С древнейших времен до 30-х годов ХХ века). Нукус. «Билим». 1996 год.
4. Қарақалпақ фольклоры V том. Нөкис 1980-ж.
5. Haydarov A. «A look at russian musical culture in the second half of the XIX century». Current research journal of pedagogics, 2 (11), 24-312021.


**REZYUME.** Mazkur maqolada Qoraqalpogistondagi chalg‘u asboblarining ovoz rejissyorlari tamonidan ularning ovoz diapazonini bilishi o‘rganishi haqida so‘z boradi va orkestr haqida tushuncha beriladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье речь пойдет о знании и изучении музыкальных инструментов звукорежиссерами в Каракалпакстане их звукового диапазона и дает представление об оркестре.

**SUMMARY.** This article talks about the knowledge and study of the sound range of the musical instruments of Karakalpakstan by sound engineers and idea of the orchestra.